# Дерсым и темэр: Нало Заур и балладэ « ЦIыху напэ»

ЕзыгъэкIуэкIар :Псыкуэд къуажэм дэт
курыт еджапIэм адыгэбзэмрэ адыгэ
литературэмкIэ егъэджакIуэ Тэнащ М.Хъу,

2025

**Зыубзыху тхыгъэ**

**А**дыгагъэ , цIыхугъэ, напэ-псоми къарыкIыр зыщ. Адыгагъэм нэхъ гулъытэшхуэ дыдэ зыхуищIым щыщщ укIытэр,нэмысыр, пэжыгъэр, бэшэчу ущытыныр, лIыгъэ уиIэныр, нэгъуэщIым удэIэпыкъуфу ущытыныр, лIыгъэ уиIэныр, уи напэр пхъумэжыныр, ЦIыху напэм къезэгъыркъым пцIы бупсыну, бзэгу зепхьэну, умыщIэм утепсэлъыхьыну.

Ц1ыхур дуней зытетым и курыкупсэщ, щIыгур дахагърэ угъурлыгъэкIэ игъэнщIыным хуалъхуащ, ауэ дахагъэ псоми я къежьапIэр езы цIыхум и цIыхугъэр кIэ имыIэу хигъэхъуэнырщ..Дунейм и нэщэнэ псори щапхъэ ищIыпхъэкъым цIыхум, абыхэм узыхуэмей куэд къыхокI. Аращ ди тхакIуэхэри дэри дызыхущIэкъур: нэхъыфIыр сабийхэм зыхедгъэщIэну, нэхъ Iейм пэIэщIэ тщIыну.

Адыгэ лъэпкъым ди мащIэкъым акъыл къызыхэпх хъун тхыгъэ купщIафIэ куэд. Абыхэм дэ дыхуагъасэ щыуагъэм дыблэкIыфу, гъащIэм тэмэму дегупсысыфу, хабзэр,нэмысыр тхэлъу дунейм дытетыну. Нобэ дэ дызыхэпсэукI гъащIэм мыхьэнэшхуэ иIэу къызобж еджакIуэхэр я цIыхугъэр, напэр яхъумэжу псэуным хуэгъэсэным мыхьэнэшхуэ иIэу. АбыкIэ дэ, егъэджакIуэхэм , тегъэщIапIэ дощI ди тхакIуэхэм я тхыгъэхэр. Апхуэдэ тхыгъэхэм ящыщщ Нало Заур и балладэ « ЦIыху напэ»-р Мы балладэ закъуэм фIэкIа нэгъуэщI зыри имытхами, тхакIуэм фIыщIэшхуэ хуэфащэщ.

Балладэр сабийхэр дихьэхыу емыджэнкIэ Iэмал имыIэу зэрыгъэпсам нэмыщI, уасэншэщ щIэлъ гъэсэныгъэ мыхьэнэр. Балладэр ди программэхэмк1э ебланэ классым щыдогъэдж. Зи гугъу тщIы Iуэхугъуэхэр нэхъ зэхащIэн щхьэк1э, компьютерк1э къэгъэлъэгъуэныгъэхэр къызызогъэпэщ.. Сюжетыр нэхъ ягу къинэн щхьэкIэ, тест лэжьыгъэхэр балладэм теухуауэ изогъэщI.Езы еджак1уэхэми балладэм хэтхэм упщ1э иратыну хуитыныгъэ язот . Апхуэдэ бгъэдыхьэкIэм дерсыр сабийхэм дежкIэ нэхъ щIэщыгъуэ ещI.Лэжьыгъэр къыщызэзгъэпэщкIэ сабийхэм я ныбжьымрэ ягъуэта есэныгъэхэмрэ Iуэхум къыхызолъытэ.

Темэр: Нало Заур « ЦIыху напэ»

Эпиграф: « ЦIыхугъэ»
Сэ сыхуейщ дыщэ гъэжауэ
Орден гъуэзэджэ щы1эну
« ЦIыхугъэ» -жи1эу тетхауэ
Зыхуэфэщапэми иIэну.
( Хьэнфэн Алим)

Дерсым и мурад нэхъыщхьэхэр:

1. « ЦIыху напэ» балладэм щыгъуазэ щIын
2. ЦIыхугъэр, цIыху напэр псом япэу зэрыщытыр сабийхэм зэхегъэщIэн
3. ЕджакIуэхэм я бзэм зиужьынымкIэ я зэфIэкIым хэгъэхъуэн
4. ЕджакIуэхэм цIыхум цIыхущ жезыгъэIэ хьэл-щэнхэр яхэлъу гъэсэным хущIэкъун

Дерсым къыщызгъэсэбэпахэр:

1. Доскар

2 Компьютерыр

3 Тест лэжьыгъэхэр

4 . Тхыгъэм актер къеджэу зытет диск.

**Дерсыр  зэрекIуэкIам и план**

1. ТемэщIэм хуэзыгъэхьэзыр  хэзышэ  беседэ
2. ТемэщIэр егъэджын
3. Яджар егъэбыдылIэн
4. Дерсыр  къызэщIэкъуэжын
5. Унэ лэжьыгъэр етын

**Дерсым и екIуэкIыкIар**

1. **Унэ лэжьыгъэр къэпщытэн**

_ Фи махуэ фIыуэ! Фэ унэ лэжьыгъэу фиIащ цIыхугъэм, хабзэм, нэмысым теухуауэ усэ, псалъэжь,жыIэгъуэхэр зыхуэфхьэсыну. Иджыпсту дыкIэлъыплъынщ унэ лэжьыгъэр къызэрывэхъулIам.
( Унэм щагъэхьэзырахэм едэIуэн , нэхъ къызэхъулIахэм гу псоми лъегъэтэн, езы сабийхэми я Iуэху еплъыкIэр жегъэ1эн, гъэпсэлъэн, темэщ1э яджыным хэшэн)

2.Темэщ1эр джын

а) Балладэм актер къеджэу дедэIуэнщ. Псори набдзэгубдзаплъэу фыщыт . ФызэдаIуэмк1э тест лэжьыгъэхэр фщ1ынущ..

( ЙодаIуэхэр)

- Иджы нэхъыфI дыдэу едэIуахэр хэтми къэтхутэнщ.

Тест лэжьыхъэхэмкIэ гъэлэжьэн

1. ГъуэгурыкIуэр псы щыхуэлIам дэнэт здэщы1эр?

а) хадэм итт

б)кхъухьлъатэм ист

в) къум пшахъуэщIым итт

2. Хэт гъуэгурыкIуэм къыхуэзар?

а) дыгъужь

б) уд

в) Хьэбалэ

3. Удым и нэр зыхуэдэр

а) цы Iуданэ гъуэжьк1э къэдыхьам

б) цы Iуданэ плъыжьк1э къэдыхьам

в)нэ къуэлэн дахэщ

4.ЛIыр удым зэрелъэIуар

а ) дыщэ кIанэ къритыну

б ) псы фалъэ иригъэфэну

в) я унэ ишэжыну

5, Сыт хуэдиз зэман дэкIа нэужь, удыр лIым и деж къыщыкIуар

а ) илъэс
б) илъэситху
в ) илъэсищ

6. Гъэм и сыт хуэдэ зэман удыр лIым и деж къыщык1уар

а ) щIымахуэщ
б )гъэмахуэщ
в )гъатхэщ

7. Удыр япэу къыщыкIуам вы дапщэ щIэщIауэ вэрэт л1ыр?
а ) витI
б )вий
в )виплI

8. ЛIым удым къыIихыну зыхуейр сыт?
а ) дыщэ кIанэ
б ) щIы Iэмыщ1э
в )напэ
г )мылъкуу иIэр

9. Напэм и пIэкIэ лIым удым къыIихар сыт япэ гъэм?
а )выхэр
б )и тхьэкIумэхэр
в ) и бзэр
г ) ху IэмыщIэ

10.Ар жеIэ лIыжьым игукIи лажьэу хоувэж
а )зэпытыр къыпхукIуэ
б )дэнэ укъиукIт
в)ягъэ кIынкъым

11. ЕтIанэгъэу удыр къыщыкIуам ищIэр сытыт лIым?

а )шахмэт джэгуу щыст
б )пщIэуэ хадэм итт
в) зигъэпсэхуу жыг жьауэм щIэлът.

12.Л1ым удыр зэребгар дауэ?
а ) алыхьым укIуэцIригъэху
б ) сыхьэт мыгъуэм Тхьэм ухуишэ
в ) зэпыту укIуэ

13.Удыр сыткIэ къещрэ лIым? « Ар уэ пхэмылъыжкIэ упсэун къэнэн?» жи1эу
а ) нэмыс
б ) укIытэ
в ) хабзэ

14. ЕтIанэгъэм напэм и пIэкIэ сыт удым лIым Iихар?
а ) щIыхуэ
б ) нартыху матэ
в ) и нэр

15. Ещанэгъэм сыт зэману удыр лIым деж къэсат?
а ) бжьыхьэ кIасэу
б ) гъатхэ пасэу
в ) щIымахуэкуу

16. Уд Iэ гъурыр лIыжьым щеIусам лIыжьым ищIар сыт?
а )къыщылъэтри еуащ
б )иригъэблэгъащ
в ) щтэIэщтаблэу щылъэтащ

17. Ещанэгъэм лIым напэр иритмэ , удым кърumыну къыжриIэр сыт?
а )шырэ уанэрэ
б )вий
в )дунейм фIыгъуэу тетыр

18. Лiыжьым удым ирит жэуапыр
а )зыш къызэпттэм здэнт
б )мылъкуу дунейм тетыр къызэт
в) укIытэншэу упсэу нэхърэ нэхъыфIщ умыпсэум

19.Л1ым и хьэдэр дах- дауэ?

а ) нэмыс хуащIу
б ) цIыхуу щыIэм ягъэлъапIэу
в ) пщIэ хуащIу

20. Абы и напэм и къабзагъэр дэнэ щыплъагъур?
а ) уафэм удэплъеям
б ) жыжьэу укIуэцIрыплъам
в ) сабиинэм ущIэплъам

**4.Дерсыр къызэщIэкъуэжын**

-Нобэ дэ дызэджа Нало Заур и балладэр сыт зытеухуар? Сытым фригъэгупсыса?

- Мы балладэм къигъэлъагъуэр напэм и лъапIагъырщ, абы уасэ зэримыIэрщ.
_ Нобэрей ди дерсым псалъащхьэ зы адыгэ псалъэжькIэ хуэдывгъэщ1ыт.

- Псэр щэи, напэ къэщэху.

-Утыку зэрихьэр лъапэщи, къызэрикIыжыр напэщ …

- «Напэ»- псалъэшхуэщ ар, куэд къызэщIеубыдэ : пэжагъри, фIагъри, , цIыхугъэри, хьэл-щэн дахэри, нэгъуэщIхэри.

-Балладэм и кIэухым зэхэщIэгъуэу дыкъевгъаджэт.
-Сыхуейт дерсыр сухыну Бемырзэ Мухьэдин и « Уадыгэным къик1ыр» усэм щыщ пычыгъуэмкIэ

Уадыгэныр мыгурыфI –гурей,
Зи уэлиигъуэм фIэфIмэ-улъэпкъыпсэу
Адыгэу хъуам тралъхьэмэ тезыр
IэщIыб пщIыжыну уи анэдэлъхубзэр
ПIурылъу зы бзэ,узэдису зыщI
Хьэлэлу къыщыптепсэкIэ зы дыгъэ,
Адыгэу упсэуным къикIыр зыщ-
Уадыгэну къыпкъуэкIынырщ лIыгъэ.

**5.Унэ лэжьыгъэр**: Балладэм гъэхуауэ, зэхэщIэгъуэу къеджэн, пычыгъуэр гукIэ зэгъэщIэн.

-Узыншэу фыщытхэ! ФIыкIэ дызэхузэ!